



****English below | Français en bas****

[Siyen pou rejwenn nou](#) | [Sign to join us](#) | [Signez pour nous rejoindre](#)

Kad Politik pou yon Tranzisyon Efikas ak Ekitab

Tranzisyon Ayiti a abandone fanm ak tifi yo, nan vyolasyon obligasyon legal klè ak pi bon pratik yo. Gouvènman tranzisyon an ap neglije lidèchip fanm yo, konsiderasyon politik espesifik pou fanm yo, ak priyorite mouvman fanm yo. Mank fanm ki gen yon vwa nan Konsèy Tranzisyon Prezidansyèl la (KTP) se sèlman yon egzanp - grav - modèl sa a. Yon nouvo Minis Kondisyon Fanm ak Dwa Fanm k ap eseye chanje epi detounen manda Ministè a lwen avansman dwa fanm ak tifi yo se yon lòt egzanp. Kalite eksklizyon ak neglijan sa yo ki baze sou sèks ranfòse modèl diskriminasyon istorik yo epi yo vyole dwa fanm ak tifi ayisyen yo. Yo gaspiye tou youn nan resous ki pi rich Ayiti yo epi yo bese efikasite ak dirabilite tranzisyon an.

Nou, òganizasyon feminis ak dwa moun ki baze an Ayiti ak atravè mond lan, deplore echèk pèsistan sa yo epi nou gen anpil kè sote enpak yo sou siksè tranzisyon an an Ayiti. Nou mande mezi ijan pou garanti dwa fanm ak tifi yo kòm yon pati nan tranzisyon Ayiti a. Pou sa, nou prezante Kad Politik sa a pou yon Tranzisyon Efikas ak Ekitab, ki (i) idantifye dwa moun aplikab yo ak prensip ki gen rapò ak yo kont ki tout politik ak aksyon pi devan yo dwe mezire epi (ii) bay rekòmandasyon pou chanjman politik imedya ki konsistan ak prensip sa yo.

Prensip Gid yo

I. Fanm ak tifi ayisyen yo gen dwa ak diyite, dwa san fòs kote, ak pwoteksyon efikas dapre lalwa ayisyen ak entènasyonal, ki gen ladan dwa ak patisipasyon san fòs kote nan lavi piblik nasyon an. Konstitisyon Ayisyen nan enkanne yon angajman pou dwa moun, "ekite ant sèks yo, patisipasyon tout popilasyon an nan gwo desizyon ki angaje lavi nasyonal la," epi "asire fanm yo yon reprezantasyon nan enstans pouvwa ak desizyon ki dwe konfòm ak egalite sèks yo ak ekite ant sèks yo." Li garanti tou dwa politik ak sivil kèlkeswa sèks epi rezève yon minimòm 30% nan tout wòl piblik ak opòtinite politik pou fanm yo (Atik 17, 17-1, 31-1-1). Ayiti fè Pati nan plizyè trete entènasyonal sou dwa moun ki fè yon sèl ak dwa moun fanm yo, ki gen ladan (i) egalite, (ii) non-diskriminasyon, (iii) libète kont vyolans, (iv) patisipasyon politik konplè, ak (v) aksè nan jistis ak opòtinite ekonomik. Konstitisyon Ayiti a (Atik 276-2) konvèti obligasyon sa yo dirèkteman nan lwa ayisyen, epi anile tout dispozisyon kontrè.

II. Mete lidèchip fanm ak bezwen espesifik yo nan sant se yon pi bon pratik etabli pou tranzisyon ki afekte pa konfli, ki reflekte rekonesans anpirik ke lè fanm yo enkli, rezilta yo pi efikas epi pi dirab. Ajanda Fanm, Lapè, ak Sekirite a (Women, Peace, and Security - WPS) rekonèt eksplisitman nesesite pou (i) asire patisipasyon aktif fanm yo nan rezolisyon konfli, konstwi lapè, ak fòme tranzisyon nasyonal yo, epi (ii) mete bezwen ak priyorite espesifik fanm yo nan sant pandan konfli, apre konfli, ak kòm pati nan efò tranzisyonèl yo (ki gen ladan relokalizasyon, reentegrasyon, ak rekonstriksyon). Nan kontèks espesifik



[Vèsyon kreyòl](#) | [English version](#) | [Version française](#)

Siyen isit la | Sign here | Signez ici

Ayiti a, fanm yo te jwe wòl transfòmasyon depi lontan nan prepare epi repons ak kriz epi dezast natirèl, mobilize pou refòm demokratik, ak avanse dwa moun, pandan y ap fè fas ak gwo baryè nan angajman piblik. Yo se youn nan pi bon resous Ayiti epi yo dwe enkli nan tout aspè tranzisyon aktyèl la. Echèk pou respekte totalman dwa fanm ak tifi ayisyen yo bese estabilite ak pwosperite Ayiti an antye.

III. Yon tranzisyon efikas dwe atake inegalite istorik grav ak diskriminasyon ki dirije kont fanm ak tifi Ayiti yo nan lavi piblik ak domestik ki vyole dwa yo. Anpil nan lwa, politik, ak enstitisyon Ayiti yo gen fòs kote epi diskriminatwa. Fanm yo majinalize nan lidèchip gouvènman, patisipasyon politik, ak elaborasyon politik. Yo gen mwens aksè epi genyen diskriminasyon kont yo nan edikasyon, finans, travay fòmèl, rekou legal, ak lòt opòtinite ak enstitisyon sosyal ak ekonomik. Yo se sib diskriminasyon eksplisit, asèlman ak vyolans. Defans ak sèvis ki konsantre sou bay pouvwa oswa pwoteje fanm ak avanse dwa yo toujou pa gen ase epi yo majinalize lòt fason. Inegalite sa yo non sèlman vyole dwa fanm yo, epi tou yo nan rasin enstabilite sosyal Ayiti a. Ogmante estabilite nan Ayiti yon fason dirab mande yon ripti ak istwa diskriminasyon ak inegalite sa a.

IV. Fanm ak tifi Ayiti yo gen dwa pou viv lib san vyolans piblik ak prive epi gen rekou siyifikatif kont sa. Prensip sa a reflekte rezolisyon global pou elimine tout fòm vyolans kont fanm ak tifi yo ak dikte Ajanda WPS a pou anpeche ak adrese vyolans seksyèl ki gen rapò ak konfli. Inegalite ki baze sou sèks yo te pwodui vyolans ki baze sou sèks (VBS) andemik an Ayiti, ki gen ladann vyolans politik ki fèt pou dekouraje patisipasyon konplè fanm yo nan lavi piblik ak aksyon pou chanje statu quo vyolans sa. Kriz aktyèl la te wè ogmantasyon dramatik nan ensidans ak brutalite vyolans seksyèl ki dirije kont fanm ak tifi yo. Alafwa, VBS ak lòt fòm diskriminasyon plis redwi aksè fanm yo nan espas piblik ak resous. Rekou kont VBS ak lòt mal ki baze sou sèks yo ra epi enstitisyon Ayiti yo, ki gen ladan sistèm jistis li ak ministè dedye yo, pa t vle oswa pa kapab priyoreze, finance, ak aplike repons ki apwopriye. Kriz aktyèl la te agrave mal sa yo ki baze sou sèks, e tout sa yo vyole dwa fanm ak tifi ayisyen yo.

V. Pou reponn ak obligasyon dwa moun sa yo, patisipasyon ak lidèchip fanm ayisyen yo dwe materyèl, gen pouvwa, genyen bon resous, epi konsiderasyon espesifik sou sèks ki reflekte priyorite mouvman fanm Ayiti a dwe mete nan sant kòm priyorite politik. Obligasyon legal ki site anwo yo mande aksyon konkrè pou aplikasyon yo. Echèk aktè nasyonal ak entènasyonal yo pou entegre bezwen ak lidèchip fanm ayisyen yo te sèvi pou anpeche pwogrè dirab ki tap pèmèt atake inegalite estriktirèl yo. Yon manifestasyon echèk sa a se enklizyon kèk grenn fanm nan gouvènman an san yo pa bay yo otorite siyifikatif ak resous adekwa ki nesè pou avanse dwa fanm yo konkrètman. Yon lòt se deprioritizasyon kwonik bezwen fanm yo, ki reflekte nan finansman limite, absans pwogram ak sèvis espesyalize, ak volonte politik fèb pou refòm lwa ak pratik inegal oswa diskriminatwa. Yon defisyans pwogramatik ak politik ki pi sibtil mete fanm yo sèlman kòm viktim men pa kòm moun k ap pran desizyon, lidè, ak ajan chanjman; oswa yo fè erè panse ke prezans fanm yo egal ak angajman pou yon ajanda ki konsantre sou fanm. Yon egzanp resan se nominasyon yon Minis tranzisyonèl sou Kondisyon Fanm ak Dwa Fanm ki pa gen lyen materyèl ak mouvman fanm ayisyen an, alòke lyen sa enpòtan nan kreye Ministè sa a pou avanse dwa fanm yo. Minis la deja pwopoze yon transfòmasyon Ministè a pou konsantre sou fanmi, ke mouvman an kwè pral deminye konsantrasyon sou avansman dwa fanm ak tifi yo. Yon lòt egzanp se istwa limitasyon pwogram ki konsantre sou fanm ak finansman yo nan bay sèvis, ak eksklizyon sipò pou mobilizasyon politik fanm yo ak defans pou refòm estriktirèl. Dekoneksyon ant fè politik ak priyorite kominote ki afekte



[Vèsyon kreyòl](#) | [English version](#) | [Version française](#)

Siyen isit la | Sign here | Signez ici

yo pi agrave pa eksklizyon souvan pèspektiv ki refilete eksperyans ki entèkonekte tankou povrete, edikasyon, lang, jeyografi, laj, ak òganizasyon nan nivo debaz. Rezilta yo se yon mouvman fanm ki fèb, rediksyon kapasite sosyete a pou ak konsantrasyon li sou chanjman estriktirèl nesèsè yo, ak efò mal dirije. Echèk pou mete nan sant lidèchip ak priyorite fanm ayisyen yo tou pèmèt manipilasyon ak abi. Egzanp yo gen ladan nominasyon yon ti kantite fanm ki dekonekte ak priyorite feminis yo oswa, nan ka ki pi mal, ki kòwonpi epi anba enfliyans enterè ki an konfli.

Rekòmandasyon yo

Òganizasyon feminis ak dwa moun ki baze an Ayiti ak atravè mond lan ki siyen anba a mande aplikasyon ijan Prensip ki anwo yo, ki genyen ladann obligasyon legal byen etabli daprè Konstitisyon Ayiti a, lwa yo, ak trete ratifye yo ansanm ak pi bon pratik pou aplikasyon yo. Nou rekòmande aksyon espesifik ak priyorite politik sa yo, chak nan yo dwe entèprete selon tout sa ki anndan Kad sa a:

1. Aplike totalman Konstitisyon Ayiti a, nòm entènasyonal sou dwa moun, ak pi bon pratik pou tranzisyon ki afekte pa konfli ki enskri nan Ajanda WPS la lè nou asire fanm yo se patisipan konplè ak egal nan tout aktivite konstwi lapè, tranzisyon, ak rebati. Sa mande yon efò aktif pou enkli kontribisyon ak lidèchip fanm yo nan yon fason ki konsistan ak priyorite epi akenterè fanm ayisyen yo an jeneral. Selon konsiderasyon sa yo ak Rekòmandasyon 3 ak 6, yon minimòm 30% nan tout nominasyon Ministeryèl, Direktè Jeneral, ak lòt nominasyon gouvènman siperyè yo, ansanm ak tout lòt pozisyon otorite nan espas ak ògan ki chaje ak deliberasyon materyèl, pran desizyon, aplikasyon, ak sipèvizyon dwe ranpli pa kandida fanm ki kalifye. Satisfaksyon minimòm sa a dwe akonpaye ak yon estrateji delibere pou rive nan ekite konplè Konstitisyon an mande. San pèdi tan, baz 30% an dwe satisfè pou enstitisyon Ministeryèl ak siveyans, ak antite ki chaje òganize eleksyon yo tankou Konsèy Elektoral Pwovizwa a (KEP).
2. Gide pa Rekòmandasyon 1, otorite tranzisyonèl yo dwe espesyalman bay pouvwa a ak patisipasyon fanm yo nan pwochen pwosesis elektoral la nan tout nivo, soti nan mete an plas KEP a rive nan enstalasyon reprezantan eli yo, ak yon vizyon pou asire pòs eli yo refilete konpozisyon popilasyon ayisyen an. Egzijans Konstitisyonèl omwen 30% kandida politik fanm nan dwe respekte nan chak nivo gouvènman an. Anpeche ak adrese vyolans politik ki baze sou sèks dwe trete kòm yon priyorite prensipal.
3. Aplike totalman Konstitisyon Ayiti a, nòm entènasyonal sou dwa moun, ak pi bon pratik pou tranzisyon ki afekte pa konfli ki enskri nan Ajanda WPS la lè nou priyorize faktè ki enpakte fanm ak tifi yo yon fason distenk, espesyalman (i) kapasite fanm yo pou fòme ak patisipe nan pwosesis politik la, kòm moun k ap fè politik, siveyan, kandida, ak elektè; (ii) bezwen sekirite ak aksè nan jistis distenk, pa rapò ak vyolans seksyèl ak politik; ak (iii) aksè ekonomik ak bay pouvwa. Tout aktè piblik yo ta dwe angaje yo ak prensip sa yo epi yo pa ta dwe relege yo ak lidè fanm sèlman, sipoze genyen evalyasyon pèfòmans ki swiv depre sib espesifik sa yo pou tout antite ak ofisyèl gouvènman yo.
4. Envesti eksplisitman nan egalite alontèm fanm yo atravè chanjman lejislatif, enstitisyonèl, ak politik, akonpaye pa finansman adekwa ak dirab. An patikilye, asire kapasite enstitisyonèl ki sifizan, sèvis, ak



mekanis responsabilite ki reponn ak bezwen distenk fanm yo, ki gen ladan (i) pwoteksyon efikas kont vyolans ki chita sou sèks epi aksè ak lajistis pou VBS, (ii) rediksyon diskriminasyon ak vyolans politik, ak (iii) sipò pou bay pouvwa ekonomik. Asire mekanis tranzisyon ak rekonstriksyon yo, ki gen ladan Komisyon Verite, Jistis, ak Reparasyon yo, pran an kont konplètman eksperyans, defi, ak bezwen distenk fanm yo, ki gen ladann aksè ak lajistis pou zak vyolans ki soti nan aktè etranje yo tankou eksplwatasyon seksyèl ak abi. Pou sa, (i) rezève omwen 30% pozisyon lidèchip Komisyon ak pwogram rekonstriksyon yo pou fanm, (ii) prevwa nan bidjè finansman dedye adekwa pou pwoblèm ki espesyalman afekte fanm ak tifi yo, (iii) asire enpak distenk sou fanm ak tifi yo konsidere nan tout sijè ak pwogram yo odela vyolans seksyèl, ak (iv) sijè espesyalman ak Rekòmandasyon 5 ak 6, mande konsiltasyon fòmèl ak òganizasyon fanm yo - espesyalman sa yo ki dirije pa fanm ayisyen yo ak k ap òganize nan nivo debaz - pou chak eleman planifikasyon ak aplikasyon ki gen rapò avèk yo. Nan kout tèm, ranfòse mekanis ki egziste deja yo. Sa mande, pa egzanp, yon bidjè apwopriye pou Ministè sou Kondisyon Fanm ak Dwa Fanm yo, ki pandan plizyè ane te resevwa sèlman 0.1% bidjè Ayiti a pou avanse byennèt 52% popilasyon Ayiti a. Yon lòt aksyon imedya ta ka ranfòse inite polis espesyalize ki dedye a konfwonte VBS ki gen ladan (i) fòmasyon dedye sou asistans sansib a twoma pou sivivan VBS yo, (ii) pwosedi amelyore ki asire investigasyon rapid ak efikas ak pouswit nenpòt plent VBS ki pran an kont sekirite ak komunikasyon efikas ak sivivan yo, (iii) resous ak founiti mediko-legal, medikal, ak lòt ki adekwa pou fè investigasyon ak pouswit, ak (iv) siveyans efikas, koleksyon done ki dezagreje pa sèks, ak ajisteman politik kote sa nesèsè an konsiltasyon sere ak defansè sivivan yo ak lòt reprezantan enpòtan nan mouvman fanm nan.

5. Sijè espesyalman a Rekòmandasyon 6, mete nan sant priyorite ak apwòch defini pa mouvman fanm ayisyen an, espesyalman òganizasyon ki dirije pa fanm ayisyen yo ak sa yo k ap òganize nan nivo debaz. Asire sipò finansye ak lòt sipò pou òganizasyon fanm ki egziste deja an Ayiti yo, espesyalman sa yo ki dedye a politik ak chanjman politik. Aktivman mete ekspètiz yo nan sant nan deliberasyon politik, siveyans ak kontwòl, ak nenpòt nominasyon kle.
6. Chak aspè tranzisyon an, Rekòmandasyon sa yo enkli, dwe espesyalman konsidere epi efòse demonte inegalite istorik ak estriktirèl ak pratik kontrepwoduktif atravè, pami lòt bagay: (i) finansman dedye ak dirab, (ii) konsepsyon pwogram ki mete fanm ayisyen yo nan sant epi adrese eksplisitman inegalite estriktirèl; (iii) deliberasyon politik ak nominasyon gouvènman ki mete ekspètiz ak priyorite mouvman fanm ayisyen an nan sant epi konsidere eksplisitman enpak distenk sou ak bezwen fanm ak tifi yo; ak (iv) apwòch patisipatif ak entèseksyonèl ki asire patisipasyon vwa ki istorikman ekskli yo, tankou fanm pòv, mwens edike fòmèlman, riral, oswa jèn. Patnè etranje ak donatè yo, an patikilye, dwe akonpaye priyorite mouvman fanm ayisyen an, epi evite pratik domajab nan pase yo ki te gen konsiltasyon selektif ak finansman ki pa konsistan ak prensip patisipasyon ak enklizyon reprezantatif.

Òganizasyon ayisyen ki siyen:

1. 1804 Institute
2. Advens Optical, Inc.
3. Alternative Chance / Chans Alternativ
4. Asosyasyon Sosyal Fanm se Wozo (ASFAWO)
5. Association des Femmes de Borgne



6. Association des Femmes Rénovés de Léogâne (AFREL)
7. Association des Femmes Universitaires du Cap-Haitien Nord
8. Association des Femmes Vaillantes D'Haiti (AFVH)
9. Bra Fanm
10. Bureau des Avocats Internationaux (BAI)
11. Clinique de Recherche, d'Analyse, et d'Assistance Légale de L'École Supérieure Catholique de Droit de Jérémie (CRAALE)
12. Commission Épiscopale Nationale Justice et Paix (CE-JILAP)
13. Consortium des Organisations du Secteur Privé de l'Éducation (COSPE) / FCH-Espwa (Fondation Communautaire Haïtienne-ESPWA [*hope*])
14. enpaK
15. Faith in Action International - Haiti
16. Fanm Deside
17. Fanm Viktim Leve Kanpe - 'Femmes Victimes, Debout' (FAVILEK)
18. Fédération des Associations Régionales Haïtiennes de la Diaspora (FAREHD)
19. Femme Idéal pour le Développement Économique et Social (FEMIDES)
20. Femmes Combattantes Avisées pour le Développement d'Haïti (FEMCADH)
21. Femmes en action contre la stigmatisation et la discrimination sexuelle (FACSDIS)
22. Fondation TOYA
23. Gran Jipon
24. Groupe d'Appui au Développement et à la Démocratie (GRADE)
25. Groupe de Recherche en Appui a la Justice aux Droits Humains (GRAJUDH)
26. Groupe de Réflexion sur Haïti (GREFH)
27. Groupe de Travail sur la Sécurité (GTS)
28. Groupement des Femmes Étoiles Brillantes (GFEB)
29. Haiti Adolescent Girls Network (HAGN)
30. Haitian Connection - Koneksyon Ayiti
31. Haitian Women's Collective (HWC)
32. Initiative Départementale contre la Traite et le Trafic des Enfants (IDETTE)
33. ITIAHaiti
34. INITIATIVE DE LA SOCIETE CIVILIERO
35. Komisyon Fanm Viktim pou Viktim (KOFIVIV)
36. Konbit Peyizan Grandans (KPGA)
37. Konsèy Jenès Ayisyen
38. Kouraj
39. Koze Jèn Yo
40. La Troupe Makandal
41. Marijàn
42. Nègès Mawon
43. Nou Pap Dòmi
44. Òganizasyon Fanm Leyogàn nan Bagadè k ap lite (OFLBK)
45. Òganizasyon Fanm Vanyan Lakolin Deland (OFVLD)
46. Òganizasyon Feminis Dantò / Dantò Òganizasyon Feminis
47. Organisation Arc-en-ciel D'Haïti (ORAH)
48. Organisation des femmes engagées pour le changement de Saint du Sud (OFECaS)
49. Organisation des Femmes Modernes pour le Développement Communautaire (OFMODEC)
50. Organisation des Femmes Vaillantes de Léogâne (OFVAL)
51. Organisation FIEF
52. Organisation pour l'Émancipation des Femmes à travers l'Éducation (OEFE)



[Vèsyon kreyòl](#) | [English version](#) | [Version française](#)

Siyen isit la | Sign here | Signez ici

53. Organisation Progressiste pour le Développement de la Commune de Gressier (OPDCG)
54. Organisation Trans d'Haïti (OTRAH)
55. Partners in Health
56. Platfòm Comunicaciòn des Femmes (PCF)
57. Plateforme des Organisations de Femmes Haïtiennes pour le Développement (POFHAD)
58. Platform of Haitian Human Rights Organizations (POHDDH)
59. PROFAMIL
60. Regroupement des Femmes Actives d'Haïti (RFAH)
61. Regroupement des Femmes Vaillantes de Léogâne (ReFeVaL)
62. Regroupement des Organisations de Femmes de Gressier et de Léogâne (ROFGL)
63. Regwoupman Fanm Aktif (RFA)
64. Réseau National de Défense des Droits Humains (RNDDH)
65. Rêve Bleu d'Azur
66. Rezo Fanm Kapab DAYiti (REFKAD)
67. Rezo Fanm Radyo Kominotè Ayisyen (REFRAKA)
68. SAN POU SAN FANM (100% FANM)
69. Union des Femmes à Mobilité Réduite d'Haïti (UFMORH)
70. Union des Femmes pour le Développement de Gressier (UFEDEG)
71. Vizyon Fanm Dyanm pou Devlopman Léyogàn (VFDDL)
72. WE ARE WOMEN ORG
73. Zantray Fanm Kreyòl

Òganizasyon yo ki toupatou nan lemonn solidarize yo ak demann Sosyete sivil ayisyèn nan:

1. African Initiative of Women Human Rights Defenders (WHRD Initiative) (South Africa)
2. American Jewish World Service (AJWS) (USA)
3. Amnesty International USA (USA)
4. Anana Consultants (USA)
5. Ansara Family Fund (USA)
6. Association for Emancipation, Solidarity, and Equality of Women (ESE) (Macedonia)
7. Atelier Tisaksuk, Inc. (Haiti)
8. Black Feminist Future (BFF) (USA)
9. CAISO: Sex and Gender Justice (Trinidad and Tobago)
10. Center for Economic Policy Research (CEPR) (USA)
11. Center for Gender and Refugee Studies (CGRS) (USA)
12. Center for Human Rights & Humanitarian Law at the American University Washington College of Law (AUWCL) (USA)
13. Chrysalis Fund (USA)
14. Coalition on Violence Against Women (COVAW) (Kenya)
15. Coletivo Feminista de Autocuidado e Cuidado entre Defensoras de Direitos Humanos (Brazil)
16. Courage To Believe International (USA)
17. Creating Healthful Narratives, LLC (USA)
18. Diaspora Community Services (USA)
19. Emergency Committee for Rojava (ECR) (USA)
20. Empire Women Development Initiative (Nigeria)
21. Equality Now (global)
22. Faith in Florida (USA)
23. Family Action Network Movement (FANM) (USA)
24. Forum Tunisien pour les Droits Économiques et Sociaux (FTDES) (Tunisia)



[Vèsyon kreyòl](#) | [English version](#) | [Version française](#)

Siyen isit la | Sign here | Signez ici

25. Fòs Feminista (USA)
26. Friends of Matènwa (FoM) (USA)
27. Give To Haiti, Inc. (USA)
28. Global Justice Clinic at the New York University School of Law (USA)
29. Haitian American Foundation for Democracy (HAFFD) (USA)
30. Haitian Bridge Alliance (USA)
31. Haitian Ladies Network (USA)
32. Haiti School Project (USA)
33. Haiti Solidarity Network of the Northeast (HSNNE) (USA)
34. Haki Nawiri Afrika (Kenya)
35. Human Rights and Gender Justice Clinic at the City University of New York (CUNY) School of Law
36. Institute for Justice and Democracy in Haiti (IJDH) (USA)
37. International Civil Society Working Group for the Permanent Forum on People of African Descent (PFPAD) (global)
38. Jamii Linguists (USA; Colombia)
39. MADRE (USA)
40. Manifest Haiti (USA)
41. Midnight Books (USA)
42. New England Human Rights Organization (NEHRO) (USA)
43. Okra Collective (Senegal)
44. ONG Actuelles (Côte d'Ivoire)
45. Passionists International (USA)
46. Presbyterian Church, Office of Public Witness (USA)
47. Quixote Center (USA)
48. Raising Haiti Foundation (USA)
49. Refugees International (USA)
50. Réseau des Jeunes Féministes d'Afrique de l'Ouest (RJFAO) (Africa)
51. Respire Haiti (USA)
52. Revive Your Soul Ministries, Inc. (USA)
53. Roots of Development (USA)
54. Sant La Haitian Neighborhood Center (USA)
55. Sawtche Collectif afroféministe (France)
56. Stop au Chat Noir (Africa)
57. The 360 Evolution Academy, Inc. (USA)
58. The Firedoll Foundation (USA)
59. The Human Rights Brief at the American University Washington College of Law (AUWCL) (USA)
60. They Will Need Foundation (USA)
61. True Alliance Center (USA)
62. Unitarian Universalist Service Committee (UUSC) (USA)
63. Wa Mbedmi (Senegal)
64. Wits University (South Africa)
65. Women for Peace in the World (W4PW) (Belgium)

SIYEN POU REJWENN NOU

Jwenn tout òganizasyon k ap sipòte pwojè a [isit la](#).